



E



yo, yon meday pou yo mete pandan gradyasyon an, epi yo ka resevwa tou yon sèt f ka ki sot nan Depatman Edikasyon Eta New York.

Kimoun ki kapab eseye genyen NYSSB?


Nenpòt elèv ki lekòl nan yon distri ki ofri NYSSB, epi ki gen konpetans ak/oswa kap et dye angle ak yon lòt lang, anmezi pou eseye jwenn prim sa a. Sa vle di tou, elèv ki pale yon lang ki pa angle lakay yo ak sila yo kap et dye yon lòt lang nan lekòl segondè.

Kisa elèv yo dwe fè pou yo genyen NYSSB a?

Gen anpil mwayen pou genyen NYSSB a. Et dyan yo dwe montre nivo konpetans ki nesesè lè yo genyen twa (3) pwen nan angle ak twa (3) pwen nan youn oswa plizyè lang. Elèv yo ka genyen pwen pou NYSSB lè yo resevwa 85% oswa yon nòt pi elve an angle oswa kou nan lòt lang, fè yon nòt f ks nan tès of syèl yo, epi konplete ak prezante yon pwojè an angle ak/oswa nan yon lòt lang.

Ki kote mwen ka jwenn plis enfòmasyon sou NYSSB?

Pou w jwenn plis enfòmasyon sou pwogram NYSSB nan lekòl ou, pale avèk konseye a pwofesè angle oswa pwofesè lòt lang. Ou ka jwenn tou enfòmasyon sou [sitwèb NYSSB](#) oswa lè ou kontakte biwo nou an pa imèl (nyssb@ nysed.gov) oswa pa telefon (518.473.7505).



Office of Bilingual Education and World Languages
New York State Education Department
89 Washington Avenue, 505EB
Albany, NY 12234

